


# QARAQALPAQ ÁDEBIYATTANÍW ILIMINDE FANTASTIKA JANRÍN IZERTLEWDIŃ BAZÍ MÁSELELERI

**Dosımbetova Elenora Arıslanbay qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.14575184

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25- Dekabr 2024 yil
Ma'qullandi: 28- Dekabr 2024 yil
Nashr qilindi: 30- Dekabr 2024 yil

**KEYWORDS**

*fantastika, fantastikalıq syujet, mifologiya, folklor, motiv, ilimiy fantastika.*

**ABSTRACT**

*Maqalada qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde fantastika janrın izertlewdiń ayırım teoriyalıq hám ámeliy tárepleri úyrenilip, fantastikanıń janrlıq ózgeshelikleri sóz etilgen.*

Qaraqalpaq awızeki hám jazba ádebiyatı burınnan fantastikalıq shığarmalar dóretiwdiń, fantastikalıq elementlerden paydalanıwdıń (ańız, ápsana, qıyalıy ertek, dástan, sıyaqlı fantastika elementleri kóp ushırasatuǵın janrlardı, sonday-aq jazba ádebiyattaǵı kóplegen fantastikalıq syujet, motiv, obrazlar hám t.b.) bay dástúrlerine, usıllarına iye boldı. Sonıń menen birge rawajlanıp baratırǵan qaraqalpaq ádebiyatınıń barǵan sayın turmıstıń, jámiyetlik ómirdiń barlıq tarawlarındaǵı úlken-kishi mashqalaların fantastika menen de qamtıwǵa bolǵan umtılısı jańa metod – fantastikalıq súwretlew metodına zárúrlikti keltirip shıǵardı.

Fantastika janrı boyınsha izertlewler alıp barǵan birqansha rus ádebiyatshılar fantastika janrı boyınsha birqansha tartıslı pikirlerdi bildirgen. Aǵa-inili Strugatskiyler fantastikanı ádebiyattıń bir aǵımı sıpatında bahalaǵan bolsa [3], Oleg Ladijenskiy hám Dimitriy Gromovlar «fantastika bul ádebiy baǵdar hám fantastikalıq boljam» dep bahaladı. A.Shalganov fantastikanı keńirek túsindiriwge háreket etti hám onı parallel ádebiyat dep esaplap, onda barlıq janrlar hám jónelisler bar dep esaplaydı.

Fantastikalıq syujet, epizod hám obrazlar, uluwma fantastikalıq elemetler ádebiyat tariyxında dáslep folklordıń bir janrı bolǵan mifologiyada qáliplesken. Mifologiya ádebiyattıń payda bolıwındaǵı dáslepki adımlar bolıp, olarda eń dáslep qudaylar, tábiyat qubılısları, káramatlı waqıya hám hádiyseler sóz etilgen. Fantastikanı izertlew ushın eń dáslep mifologiya hám onıń tariyxına toqtap ótken maqul.

Sonıń ushında mif izertlewshileri A.M Kondratov hám K.K Shilik «Mif – bul real qubılıs hám waqıyalardıń fantastikalıq túsindirmesi, ol qashan dúnya qubılısları hám waqıyaları túsiniksiz bolsa hám onı túsindiriwge faktler jetkiliksiz bolsa sol waqıtta dóreydi» jáne kerisinshe, «Eger tábiyat kúshleriniń sırları túsinikli bolsa, mif payda bolmaydı» degen edi. Shınında da usılay. Eger tábiyattıń barlıq hádiyselerin ilimiy tiykarda dáliyllep bere alıw múmkinshiligi dárejesinde ilim ósken bolǵanda, ańız, ápsana, ertek, dástanlarda fantastikalıq sówretlewler ushıraspas edi. Solay etip, ertede dóregen shıǵarmalardıń barlıǵı derlik fantastika menen suwǵarılǵan, nápes aladı.

Dáslepki shıǵarmalar 60-jıllardıń aqırı 70-jıllardıń basında payda bolǵanı menen de fantastikamızdıń janr sıpatında qáliplese baslawı 80-jillardıń ekinshi yarımı 90-jıllardıń basına tuwra keledi. Bul dáwirde ilimiy fantastikalıq ádebiyatımızda sın kótererliktey bir qansha gúrrińler, povestler, poemalar payda boldı.

Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde eń dáslep jazıwshı hám jurnalist Allanazar Ábdiev "Qaraqalpaq ádebiyatında ilimiy fantastika janrınıń payda bolıwı hám qáliplesiwi" degen temada óziniń kandidatlıq dissertaciyasın jaqladı. Onda, qaraqalpaq ádebiyatında fantastika janrınıń payda bolıwı hám qáliplesiw jolları, ilimiy fantastikanıń payda bolıwındaǵı dárekler, folklor hám fantastika, jazba ádebiyattaǵı fantastikalıq elementler h.t.b. máseleler tuwralı bahalı pikirler keltirilgen.

Qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatınan tap búgingi kúnge shekemgi ádebiyattıń ayırım ilimiy fantastikalıq emes dóretpelerinde fantastikalıq syujet, motiv, predmetlerdiń kóplep ushrasıwı alımlardıń pikirleriniń durıslılıǵın tastıyqlaydı. Fantastikalıq súwretlewler, ásirese jazba ádebiyattıń ańız, ápsana, ertek hám dástan sıyaqlı folklorlıq janrlarında kóp ushrasatuǵınının da aytıp ótiwimiz kerek.

"Fantastika" sózi grek tilinen shıqqan bolıp, bizińshe "qıyal", "qıyallaw óneri" degen maǵananı bildiredi. Syujet hám personajları haqıyqatlıqqa tuwrıdan-tuwrı sáykes kelmeytuǵın ádebiy shıǵarma, yamasa basqasha aytatuǵın bolsaq, real turmısta burınnan bar bolǵan faktlerge tiykarlanıp qiyal juwırtıwdan tuwılǵan tańqalarlıq qubılıslar hám obrazlar dúnyası, dúnyanı sáwlelendiriwdiń ózinshe bir forması bolıp tabıladı.

Adamnıń qanday dárejede qiyal ete alıwı onıń óir tájriybesinen, fantaziyasınan ǵárezli. Sonıń ushın jasap turǵan ortalıq ta, jámiyettiń, ilimniń rawajlanıw dárejesi de adam qiyalın sheklewi yaki keńeyttiriwi, bayıtıwı múmkin.

Fantastika iskustvo menen birge dóredi. Hátteki alımlar onnan da burın payda bolǵan dep dálilleydi. Bizge belgili áyyemgi dáwir mifologiyası, barlıq xalıq eposları, eger usılay aytıw múmkin bolsa, fantastika menen "dem aladı" dep kórsetedi, tariyx ilimleriniń doktorı I. Bestujev-Lada. "Eger adam ólmeytuǵın bolǵanda edi..." dep atalǵan maqalada bolsa: "Bolıwı múmkin emes ájáyip qubılıslar, tábiyattan tıs kúshler tuwralı túsinikler til menen birge tuwıldı" delinedi. Bul qaraqalpaq folklorı ushın da tiyisli dep oylaymız. Óytkeni, bizge kelip jetken shıǵarmalardıń kópshiligi derlik fantastikalıq syujet, motiv, elementlerden ibarat. Ásirese, ańız-ápsanalarda, qiyaliy erteklerde, dástanlarda fantastikalıq elementler jiyi gezlesedi. Xalıq kóp nárselerdi arzıw-árman etken. Bul folklordaǵı ushqır qiyallar nátiyjesi bolǵan fantastikalıq obrazlardan kórinedi. Qásiyetli ayna, taraq, tas etip qatırıp taslaw, duwalaw, jer astı patshalıǵı, aǵash at, ushar gilem, saza beretuǵın taw, tas, kól, teńiz, hár qiylı dáriler, aqıllı ( hátte sóyleytuǵın) atlar, sharqıpálek, iyttey qumırısqalar, lipaslar, suymurıq, dáw, áydarha h.t.b kóplegen fantastikalıq obrazlar qaraqalpaq folklorında háreket etedi. Biz folklorda júzden aslam usınday obrazlar barlıǵın anıqladıq.

Fantastikanı qásiyetleri, ózgesheligi hám jazılıw usıllarına qarap rus ilimpazları Gromov hám Ladıjenskiy janrdı klassifikaciyalap, birneshe túrlerge bóledi. Olar: 1. Ilimiy-fantastika: jasalma-ilimiy, gumanitar-ilimiy; 2. Futurologiyalıq boljam; 3. Folklorlıq boljam; 4. Dúnyalıq boljam; 5. Mistikalıq boljam; 6. Fantasmagoriyalıq boljam [4-14] sıyaqlı altı túrge bólip kórsetedi.

Qaraqalpaq fantastikalıq ádebiyatınıń payda bolıwına qońsılas xalıqlar hám dúnya júzi fantastikalıq ádebiyatlar da tásir jasadı. Ol ádebiyat shıǵarmaların oqıw arqalı qaraqalpaq

jazıwshı-shayırları jańa janrdıń ózine tán ózgesheliklerin, ilimiy fantastikalıq konsepciyalardı qoyıw hám sheshiw usılların, shıǵarmanıń ideyalıq-kórkemlik qurılısın dúziw sheberligin h.t.b. lardı úyrendi. Qullası, ol ádebiyatlar tájriybe toplaw mektebi waziypasın atqardı.

Fantastika ilimiy hám ilimiy emes fantastika bolıp bólinedi. Ilimiy dep shıǵarmada háreket etetuǵın fantastikalıq obrazları materiallıq kúshler: tábiyat hám ilim, texnika árdemi arqalı adam tárepinen dóregen fantastikanı aytamız, al fantastikalıq obrazları tábiyattan tıs kúshler járdeminde dóregen jaǵdayda ilimiy emes fantastika dep ataymız.

Qaraqalpaq jazba ádebiyatınıń ilimiy fantastikalıq emes shıǵarmalarında fantastikalıq syujet, motiv, zat h.t.b. kóp ushrasatuǵınının gúwası boldıq. Oǵan mısallardı Berdaq, T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Mátmuratov,Sh.Seytovqa, onnan tap, A.Xalmuratov, S.Ismaylov, Q.Ernazarov, Ya.Ájimov, J.Muratbaevqa deyingi jazıwshı-shayırlarımızdıń kópshiliginiń dóretpelerinen tabıwǵa boladı. Biraq fantastikalıq elementler tiykarınan folklorlıq syujetler tiykarında jazılǵan jazba ertek, ańız-ápsana, dástan jánede shıǵarmaǵa avtor tárepinen belgili maqset penen kirgizilgen ertek, ańız-ápsanalarda kóp ushrasadı.

Jazıwshı-shayırlarımız fantastikadan ibarat folklorlıq syujetler tiykarında shıǵarmalar dóretkende bul syujetlerge jańa mazmun, tús berip, bas dıqqattı jaqsılıq, jamanlıqtıń, haqıyqatlıq penen ótirik, mákkarlıqtıń parqın, aqıbetin kórsetiwge , miynet túbi-ráhat ekenligin tastıyqlawǵa, bir-birewdi húrmetlew, tuwrı sózlilik sıyaqlı qásiyetlerdi ulıǵlawǵa awdaradı, solar boyınsha óz kóz qarasın bildiredi. Sonıń menen birge fantastikalıq zatlar, motiv, detallardan paydalanǵanda giperbolizaciyalap súwretlewden góre isenimlirek etip, real turmısqa jaqınlastırıp súwretlewge, fantastikalıq predmetlerdi adam aqılınıń, miynetiniń jemisi sıpatında kórsetiwge keń kewil bóledi.

Shıǵarma syujetinde mif hám ańızlardan paydalanıw qaraqalpaq jazıwshılarınan T.Qayıpbergenov, Sh.Seytov, U.Pirjanov, A.Xalmuratovlardıń dóretiwshiliginde ádebiy dástúrge aylanǵan. A.Xalmuratovtıń prozasında mifologiyalıq syujet hám obrazlar uluwma adamzatlıq máselelerdi sáwlelendiriwde, shıǵarmanıń ideyalıq-estetikalıq qunın arttırıwda, syujet hám kompoziciyanı túrlendiriwde sheberlik penen qollanılıp, nátiyjede 1980-2000-jıllardaǵı qaraqalpaq prozası jańasha kórkemlik sıpatlar menen bayıdı»

60-jıllardıń ekinshi yarımında "Meniń robotım"(K.Ernazarov), "Marsataǵı ókinish"(B.Ilyasov) atlı dáslepki ilimiy fantastikalıq shıǵarmasınıń úlgileri baspasózde járiyalandı.

70-jılları B.Ilyasovtıń, A.Xalmuratovtıń, S.Ismaylovtıń, K.Ernazarovtıń bir qansha gúrrińleri járiyalandı. 1978-jılı "Jetkinshek" gazetası betlerinde Amangeldi Xalmuratovtıń dáslepki qaraqalpaq ilimiy fantastikalıq povesti "Sırlı okean" óz oqıwshılarına usınıldı. Bul jılları "Jetkinshek" gazetasında qaraqalpaq fantastikasınıń birinshi jankúyerlerinen esaplanǵan A.Xalmuratovtıń usınısı menen "Kók jiyek" atlı aydar(rubrika) ashılıp, qaraqalpaq fantastikasınıń rawajlanıwı ushın az da bolsa tásir jasadı.

Dáslepki shıǵarmalar 60-jıllardıń aqırı, 70-jıllarda payda bolǵanı menen fantastikanıń janr sıpatında qáliplese baslawı 80-jıllardıń ekinshi yarımı 90-jıllardıń basına tuwra keledi. Bul dáwirde fantastika janrında sın kótererliktey bir qansha gúrrrińler, povestler, poemalar payda boldı; fantastikalıq ádebiyatımız jańa háwesker avtorlar menen de tolıstı. Atap aytqanda, S. Ismaylovtıń gúrriń, povest, romanları, Á.Qarlıbaev, T.Jandáwletov, B.Ernazarov, X.Xojanov, M.Nızanovlardıń povestleri, I.Yusupov, O.Sátbaev, B.Genjemuratovlardıń poemaları, A.Xalmuratov, B.Dosjanov, P.Narımbetov, K.Ernazarov, T.Jandáwletov hám

basqalardıń gúrrińleri hár qiylı gazeta-jurnallarda basılıp, oqıwshılar tárepinen jıllı qabıl etildi. Al, S.Ismaylovtıń "Paraxatshılıq–máńgilik" (1986) atlı fantastikalıq kitapshası burıńǵı Latviyanıń Yurmala qalasında ótkerilgen jas fantast-jazıwshılardıń pútkil awqamlıq seminar-keńesinde joqarı bahalandı. Sonıń menen birge avtor usı kitapshası ushın Qaraqalpaqstan jaslar siylıǵınıń laureatı atandı. Bunıń ózi qaraqalpaq fantastikalıq shıǵarmalarınıń jámiyetshilik tárepinen tán alınǵanlıǵınan derek beredi [1].

1991-jılı birinshi ilimiy fantastikalıq romanımız – S.Ismaylovtıńń "júrek galaktikası" payda boldı hám jámiyetshilik, ilimpazlar arasında úlken qızıǵıwshılıq tuwǵızdı.

Bul roman haqqında ilimpaz P.Nurjanovtıń miynetlerinde bahalı pikirler aytılǵan. Mısalı onıń "Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq prozası" miynetinde: Ulıwma insaniylıq problemalardı kóteriwde hám onı tartımlı, kórkem til menen súwretlep beriwde S.Ismaylovtıń "Júrek galaktikası" romanı dıqqatqa turarlıq. Romanda ekologiyalıq adamgershilik, muhabbat maqshqalaları menen bir qatarda tınıshlıq máselesine de bas dıqqan awdarıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatında fantastikanıń povest janrında mifologiyalıq syujet hám obrazlar fonında rawajlanıwı tuwralı J.Sagidullaeva: «1970-2000-jıllardaǵı qaraqalpaq prozasında búgingi quramalı insan tábiyatın, házirgi kúnniń áhmiyetli máselelerin sáwlelendiriwde mifologiyalıq syujet hám obrazlardan jıyı paydalanıldı.

A.Xalmuratovtıń dáslepki povesti bolǵan «Bir aqsham» povesti syujetlik jaqtan, obrazları menen fantastikalıq janr talaplarına juwap beredi. Bul tuwralı J.Sagidullaeva: «A.Xalmuratovtıń «Bir aqsham» povesti stillik-formalıq izlenisler jónelisinde jańa ádebiy qubılıs dárejesin aldı. Shıǵarmada jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı mángilik qarama-qarsılıq mifologiyalıq syujetler fonında ashıp berilgen. Atap aytqanda, povest grek mifologiyasındaǵı Zevs, qaraqalpaq folklorındaǵı Ómirbek laqqı hám Shaytan sıyaqlı dástúriy tımsallıq obrazlar qıyalı-simvolikalıq mazmundı qáliplestirip, etikalıq oray sistemasın ashıp beriwdiń bir sistemasına aylanadı»[2-40].

Qaraqalpaq folklorında hám ádebiyatında kóplegen fantastikalıq obrazlar motivler detallar syujetler qollanılǵan. Bul ádebiyatlarda fantastikalıq qubılıs-hádiyseni payda etiwde tiykarınan tómendegidey usıllar paydalanılǵan:

1. Bizler jasap turǵan dúnyadan basqa bir dúnya (jer astı, suw astı, maymıllar, periler eli h.b.) sáwlelendiriledi;

2. Oydan shıǵarılǵan sıyqırlı kúshke iye obrazlar ( peri, aydarha, albaslı, dáw, suymurıq qus, ábizamzam, dándan tis t.b.) qatnastırıladı.

3. Mifologiyalıq qaharmanlar, haqıyqat turmısta bolǵan, sonday – aq házir de bar tirishilik iyeleri, zatlar da ( Sulayman, Qızır Ilyas, kók kepter, jılan, aq may, hurma, gúmgúm, alma, gilem, júzik, shapan, qasqır, túlki h.b.) folklorda turmıstaǵıdan ózgeshe etip – tilsimlilik qásiyet engizilip súwretlene beredi.

Degen menen bul fantasatikalıq elementler, obrazlar materiallıq kúshler tárepinen emes, tábiyattan tıs kúshler tárepinen dóregen sıpatında sáwlelendirgenlikten, sonday – aq ilimiy hám tábiyiy jaqtan túsindirilmegenlikten bunday shıǵarmalar ilimiy fantastika janrı talaplarına juwap bere almaytuǵın edi. Biraq qaraqalpaq folklorındaǵı hám ádebiyatındaǵı qollanılǵan fantastikalıq obraz, motiv, detal, syujetler, sonday – aq dúnya hám tuwısqan xalıqlar ilimiy fantastikalıq ádebiyatlarınıń belgili wákilleriniń tvorshestvolıq tájriybeleri qaraqalpaq ilimiy fantastika janrınıń payda bolıwında, qáliplesip, bunnan bılayǵa rawajlanıwında sheshiwshi dárekler bolıp xızmet etti.

Ádebiyattıń basqa janrları sıyaqlı qaraqalpaq ilimiy fantastikasında da dáwirdiń, jámiyetlik turmıstıń eń bir áhmiyetli mashqalaları kóterilmekte. Onda búgingi kúngi bas mashqalalardan esaplanǵan: paraxatshılıq, insan hám adamgershilik, tábiyat hám ekologiya mashqalalarınıń sóz etiliwi bul sózimizdiń dálili bola aladı. Bul mashqalalar: «Paraxatshılıq – mápgilik», «Abaylańlar adamlar», «Sıyqırlı robot hám basqalar haqqında», «Juwas maqluq», «Máńgi bulaq», «Uzaq uyqıdan soń», «Jan awırıwı», «Adamǵa júrek kerek», «Júrek galaktikası», «Bizler bir úyde jasaymız», «Arallı balalar hám biysáwbet qonaqlar», «Meshkey» hám taǵıda biz izertlep atırǵan A. Xalmuratovtıń «Shıbın» gúrrińi hám «Taǵdirles» povestinde ayqın sáwleleniwin tapqan.

Juwmaqlap aytqanda, qádemin gúrrińnen baslaǵan qaraqalpaq ilimiy fantastikalıq ádebiyatı búgingi kúni bir qansha povestlerge, poemalarǵa, romanlarǵa iye boldı. Usınnan juwmaq shıǵarıp ilimiy fantastikanıń házirgi dárejesi onıń tolıq qáliplesip, rawajlanıwdıń keń jolına túsken janr ekenliginen dárek berip tur.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Абдиев А. Илимий фантастика маселелери. - Нокис, 2015.

2. Сагидуллаева Ж. Қарақалпақ повестлеринде стиллик изленислер. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2020.

3. Стругацкий Б. Что такие фантастика? – Ленинград: Советский писатель, - 1988. Архивная копия от 23 ноября 2011 на WaybackMachine.

4. Тарабанов Д. Альтернативная география. - Москва. Миф фантастики. 2003.